

Pwogram Rekonpans Administratè Vil la pou Anti-Rasis, Divèsite, Ekite ak Enklizyon

Rekonpans sa yo se yon afimasyon angajman anplwaye Cambridge pou avanse anti-rasis, divèsite, ekite ak enklizyon (ADEI) ak enpòtans pou w kreye yon anviwònman ki sipòte ideyal ADEI pou anplwaye ak rezidan yo. Genyen de kategori rekonpans ak rekonesans: anplwaye endividyèl ak depatman Vil yo. Y ap chwazi moun k ap resevwa rekonpans yo selon kritè ki annapre yo. Kote kritè kalifikasyon genyen rapò ak popilasyon ki an minorite, tèm nan itilize ak objektif pou genyen ladann fanm, minorite rasyal ak gwoup etnik, moun andikape, ak endividi ki idantifye tankou LGBT+

Kritè Rekonpans pou Anplwaye Vil la

Yo ka nomine anplwaye vil la pou akonplismanoswa angajman yo nan youn oswa plizyè domèn nan sa ki annapre yo:

- Sipò pou pwogram ak inisyativ k ap kontibye ak anplwa oswa retansyon popilasyon an minorite.
- Efò pou amelyore sansibilizasyon ak konpetans entèkiltirèl antanke veyikil pou sèvis ekitab ak òf sèvis adapte pou kominote miltikiltirèl.
- Pledwaye pou anti-rasis, divèsite, ekite ak inisyativ enklizyon nan espas travay.
- Devlope aktivite k ap sipòte patenarya ak enstitisyon ansanm ak gwoup kominote k ap sèvi popilasyon minorite yo.
- Fè pwomosyon pou yon anviwònman travay ki akeyan epi ki bay sipò.
- Aplike objektif antirasis, divèsite ak enklizyon nan Vil la epi demontre atant ki anrapò ak yo.

Kritè pou Rekonesans Depatman Vil yo.

Yo ka nomine yon depatman Vil la oswa, si sa apwopriye, yon divizyon espesyal oswa inite yon depatman, pou rekonesans akonplisman nan youn oswa plizyè nan domèn annapre yo;

- Anplwa ak retansyon popilasyon ki an minorite.
- Kreye opòtinite pou devlopman pwofesyonèl ak kwasans popilasyon ki an minorite yo.
- Enstitye sansibilizasyon ak kominikasyon nan depatman ak nan kominote Cambridge la.
- Ankouraje kolaborasyon/patenarya ak enstitisyon ak gwoup kominote k ap sèvi popilasyon ki an minorite yo pou abòde ak rezoud pwoblèm yo.
- Aplike objektif antirasis, ekite, divèsite ak enklizyon nan Vil la ansanm ak atant lidèchip ki ak yo.

Si w te travay ak yon anplwaye oswa depatman Vil la ki te demontre yon angajman ak ADEI, anvizaje nomine yo pou yon rekonpans. Gen yon fòm nominasyon annapre a. **Nominasyon yo dwe fèt vandredi, 5 novanm 2021 12è p.m.**

